

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI**

#### **5.1 Kacindekan**

Dumasar kana hasil analisis data dina Bab IV ngeunaan Téhnik Tarucing Cakra pikeun Évaluasi Maca Carpon di SMP, bisa dicindekeun hal-hal saperti ieu di handap.

- 1) Téhnik Tarucing Cakra miboga validitas dina téss I aya 10 soal nu valid jeung 5 soal teu valid nya éta nomer 4, 5, 6, 8 jeung 12. Sedengkeun dina uji validitas téss II soal nu valid aya 13 soal sarta nu teu validna sasoal, nya éta nomer 5 jeung 9.
- 2) Sanggeus dilaksanakeun uji réliabilitas, téhnik tarucing cakra miboga hasil nu réliabel. Ieu katitén tina harga  $r_{itung}$ -na leuwih gedé ti batan  $r_{tabéi}$ . Harga  $r_{itung}$ -na nya éta (3,05), sedengkeun harga  $r_{tabéi}$ -na nya éta 0,312. Ku kituna, dumasar kana éta hasil, ieu téhnik tarucing cakra téh réliabel.
- 3) Kamampuh ngaidéntifikasi unsur-unsur intrinsik carpon siswa kelas VII B SMP Yadika Cicalengka taun ajaran 2012/2013 bisa dikategorikeun geus marampuh. Ieu bisa katiten tina niléy rata-rata kelas dina téss I rata-ratana (69,13) jeung téss II rata-rata kelasna (77,53).

#### **5.2 Rékoméndasi**

Dumasar kana kacindekan, ieu di handap aya sababaraha rékoméndasi, di antarana:

- 1) Tina hasil panalungtikan, tarucing cakra salaku alat évaluasi miboga hasil nu réliabel. Ku kituna ieu téhnik tarucing cakra bisa dijadikeun alternatif pikeun évaluasi pangajaran.

- 2) Pikeun ngabuktikeyun kaéfektifan tarucing cakra salaku téhnik évaluasi dina pangajaran carpon, dipiharep aya panalungtikan dina materi pangajaran lianna.
- 3) Ieu panalungtikan téh mangrupa uji-coba. Ku kituna ka hareupna dipiharep aya *pengembangan penelitian* atawa *development research*.